

Chè Paran/Gadyen,

Objektif lèt sa a se pou enfòme w elèv ou a pral pran sou òdinatè egzamen redaksyon “Benchmarks for Excellent Student Thinking (B.E.S.T.)” (Referans pou Meyè Fason Elèv Reflechi) pou klas 9 & 10 ane nan dat April 1, 2025. Egzamen Ekri ‘B.E.S.T.’ la se yon egzamen ki fêt nan yon sesyon 120 minit, e elèv yo ka travay pou jiska mwatye yon jounen lekòl nòmal. Lekòl ou a ap bay enfòmasyon sou fason pou jwenn rezulta egzamen yo.

Si ou menm oubyen elèv ou a ta renmen revize modèl echantiyon egzamen yo sou òdinatè lakay ou, n ap jwenn modèl atik egzamen yo ak kèk piblikasyon disponib nan <https://flfast.org/families.html>.

Silvooplè revize règ k ap suiv yo avèk elèv ou a anvan egzamen an:

- **Aparèy Elektwonik**—Yo pa pèmèt elèv sèvi avèk okenn aparèy elektwonik, ki gen ladan, men ki pa limite a, telefòn pòtab, telefòn entelijan, linèt entelejan, ak mont entelijan, nan kèlkeswa moman pandan egzamen an **oubyen** pandan poz (egz. ale nan twalèt), **menmlè yo fèmen oubyen elèv pa itilize yo**. Si yo jwenn elèv ou a avèk yon aparèy elektwonik oubyen yo jwenn li ap itilize yon aparèy ‘Bluetooth’/ekoutè/kas san fil pandan egzamen an, y ap anile egzamen li a.
- **Akseptasyon Règleman Egzamen yo**—Tout egzamen yo gen ladan yon Akseptasyon Règleman Egzamen ki di: “Mwen konprann règleman egzamen yo fèk li pou mwen yo. Si mwen pa suiv règleman sa yo, yo ka anile nòt mwen fè pou egzamen an.” Anvan egzamen an, moun ki ap administre egzamen yo ap li règleman yo pou elèv yo, e elèv yo ap deklare yo konprann règleman egzamen yo lè yo klike sou ti bwa ki akote deklarasyon ki nan navigatè sekirize a pou montre yo konprann règleman egzamen yo.
- **Diskite Kontni Egzamen an Aprè Egzamen**—Dènye pòsyon règleman egzamen yo li pou elèv anvan yo klike bwat la pou Aksepte Règleman Egzamen yo di, akoz kontni tout egzamen atravè eta a sekirize, elèv yo pa dwe diskite oubyen devwale detay konsènan kontni egzamen an (sa gen ladan kesyon, tèks ak kèk pasaj) apre egzamen an. Sa gen ladan kèlkeswa kalite komunikasyon elektwonik, tankou voye mesaj tèks, imèl, oubyen poste sou sit medya sosyal yo. Silvooplè asire w elèv ou a konprann règleman yo anvan egzamen an, e raple yo “diskite” kontni egzamen yo gen ladan nenpòt kalite komunikasyon elektwonik, tankou voye mesaj tèks, imèl, poste sou medya sosyal oubyen pataje enfòmasyon sou entènèt. **Pandan elèv pa dwe pataje enfòmasyon konsènan kontni egzamen ki sekirize aprè egzamen, règ sa a pa fèt pou anpeche elèv diskite eksperyans yo fè nan egzamen avèk paran/fanmi yo.**
- **Travay yon Fason ki Endepandan**—Elèv responsab pou travay poukонт yo pandan egzamen an e pou yo pwoteje repons yo pou lòt moun pa wè yo. Si yo jwenn elèv ap triche pandan egzamen an, yo ap anile egzamen yo a.
- **Kite Kanpous la**—Si elèv ou a kite kanpous la anvan li fini yon sesyon egzamen an (egzanp, pou repa midi, yon randevou), yo **pap** pèmèt li retounen nan sesyon egzamen sa a. Si elèv ou a pa santi l byen nan jou egzamen an, li ka pi bon pou l tann e pran egzamen an nan yon jou ratrapaj. Silvooplè sonje pou w pa pran randevou pou elèv la nan jou egzamen yo.

- **Rive an Reta**—Si elèv ou a rive anreta nan lekòl la epi tès pou jounen an gentan kòmanse, administrasyon lekòl la ap detèmine yon kote ki an sekirite pou elèv ou a rete tann jiskaske yo kapab rejwenn klas yo epi fini tès yo. Lè sa a, elèv ou a ap gen opòtinite pou fè tès la yon jou apre nan fenèt tan tès Eta a.
- **Akomodasyon pou Egzamen**— Si elèv ou a gen yon “Individual Education Plan (IEP)” (Plan Edikasyon Endividiyèl), yon Plan Seksyon 504, oubyen li se yon “English Language Learner (ELL)” (Elèv ki Ap Aprann Anglè) oubyen li fèk soti nan kategori ELL, silvouplè kontakte lekòl la pou diskite akomodasyon pou egzamen yo pral bay elèv ou a.
- Iregilarite tès yo—Si gen yon iregilarite tès ki rive nan sal egzamen elèv ou a, nan kad yon ankèt lekòl la, yo ka poze elèv ou a kesyon pou bay klarifikasyon sou ensidan an. Anplis de sa, evalyasyon elèv ou yo ap anile si yo sispek tronpe oswa plagiati. Y ap fè w konnen si sa rive.

Si w gen nenpòt kesyon konsènan administrasyon egzamen sa a, ou ka kontakte Ms. Crews nan 239-476-9100.

Pou plis enfòmasyon sou pwogram evalyasyon ‘Florida Statewide Assessments’, silvouplè vizite pòtal la nan <https://flfast.org/fsa.html>.

Mèsi dèské w sipòte e ankouraje elèv ou a pou l fè meyè efò li nan administrasyon egzamen sa a.

Sensèman,

Ms. Lorena Peters